


# LEKÒL SEGONDÈ AN FRANS



CASNAV Guadeloupe

## Nou kontan wè w nan Kolèj



CASNAV (Sant Akademik pou Eskolarizasyon zanfan ki fèk rive, ki pa pale lang peyi a epi pou timoun fanmi vwayajè)

Welcome  
Kontan vwè zòt  
Bienvenidos

### Ki objektif ?

Edike pou nou viv ansanm  
Enstwi pou konprann epi aji  
Pèmèt chak moun ale pi lwen



Dokiman pou paran zelèv ki fèk rive Gwadeloup e ki pale kreyòl

## Ki etap pou rantre lekòl ?

---

### Nan kolèj

- **Etap n°1:** Fè yon demann enskripsyon nan DIVISAC (Rèktora Dothémare)
- **Etap n°2:** Tès pou pozisyon elèv la nan CASNAV oswa nan yon lekòl segondè
- **Etap n°3:** DIVISAC ap voye papyè ki di yo pran elèv la
- **Etap n°4:** Selon rezilta tès la elèv la ka rantre nan klas òdinè , li ka jwenn sou-tyen (FLE, FLSCO) ak yon pwofesè.

### Ki wòl yon paran timoun lekòl ?

*Nan sistèm franse a paran yo konsidere tankou patnè pou edikasyon timoun yo.*

### Ou kapab :

Di sa ou panse (elèksyon paran zelèv)  
Rankontre pwofesè –yo (avèk yon entèprèt si ou pa pale franse)  
Di ki chwa oryantasyon ou ta renmen

### Ou dwe :

- Konnen krèy règ lekòl la e fè timoun ou respekte yo
- Veye pou timoun ou toujou ale lekòl epi pou li rive alè.
- Verifye travay lekòl (devwa, papyè nòt yo)
- Veye pou timoun ou toujou byen prezante (rad, ijyèn)
- Patisipe nan reyinyon yo



## Ki moun ki kab ede w ?

---

### Pedagoji ak konpòtman

- Prensipal la se chef kolèj la
- pwofesè ki an chaj tout zelèv ki fèk rive e ki pa pale lang peyi a (UPE2A)
- Pwofesè klas élèv la prale a
- Pwofesè prensipal klas òdinè a fè liyezon ak paran yo
- Konseye Prensipal Edikasyon (CPE)
- Granmoun responsab pou elèv ki fèk rive yo
- Asistan Sosyal la
- Enfimyè a
- Medsen (doktè) lekòl la

### Oryantasyon

- Sikològ lekòl la (COP) si gen kesyon sou oryantasyon elèv la

### Enfòmasyon

- **C.A.S.N.A.V.** (Sant Akademik pou eskolarizasyon zanfan ki fèk rive, ki pa pale lang peyi a epi pou zanfan fanmi vwayajè) Tél. : 0590 215 962
- **Federasyon paran zelèv yo** patikilyèman asosiyasyon paran lekòl la
- **R.E.A.A.P** (Rezo pou koute, Apiye epi Akonpaye Paran yo)
- **F.O.R.C.E.S** (Federasyon fanm pou òganizasyon ak revalorizasyon nan domèn kiltirèl ekonomik ak sosyal)